

JOU SA A SOU KALVÈ A



Mèsi, Frè Neville. [Frè Neville di: “Bondye beni w, frè.”—
Editè a.] Bondye beni w, Frè Neville. Mèsi, anpil.

² Bonjou, zanmi m yo. Se yon privilèj pou m isi a nan tabènak la ankò, maten an, pou sèvi Seyè a, nan preche Pawòl la epi priye pou malad yo. E mwen trè rekonesan pou jounen sa a.

³ E mwen te sezi, jis antan m te antre. Yon frè te avanse epi li di: “Mwen pa vle fè menm jan ak lepre endiy lan ki te geri a.” Se Frè Wright. Mwen te priye pou li, epi Seyè a geri li konplètman. E li te vini, ap kriye, pou sekwe men mwen, epi li di ke—ke li ta vle remèsye Seyè a poutèt—poutèt li geri. Li te vle retounen pou di mèsi. Tout disparèt. Li—li pafètman byen kounye a. Nou rekonesan pou temwayaj sa yo.

⁴ Epi Charlie, ou epi Frè Jeffries, si nou vle, vin isit la epi pran plas sa yo isit la. E nou plis ke byenvini, alò nou pap bezwen kanpe. Lòt frè a la a, epi Frè Wood, jis vin isit la. Nou se. . . Men yon ti, kèk plas isit la sou ban an, alò nou pap bezwen kanpe. Mwen kwè, kèk plas isit la, epi, wi, nou ta ka plis ke byenvini pou vini epi pran plas sa yo.

⁵ Nou kontan pou. . . Mwen kwè yo te di, yon fwa: “Mwen te nan lajwa lè yo te di m. . .” Bondye beni w, frè. [Yon frè di: “Mwen toujou renmen rete pwòch predikatè a.”—Editè a.] Mèsi. Mèsi, mèsi. “Mwen te nan lajwa lè yo te di m, ann al lakay Seyè a.” Sa se privilèj ak lajwa Kreyen an, pou ale lakay Seyè a.

⁶ Antan m gade ozalantou, mwen wè tèlman anpil nan zanmi m yo anndan an, maten an, mwen trè kontan pou sa. Mwen kontan wè Frè ak Sè Dauch isi a, ki soti Ohio. Mwen wè Frè ak Sè Armstrong dèyè a la a, ki soti jouk Ohio. Bondye beni nou tout, tou. E, o, jis antan w gade ozalantou, ou wè tèlman anpil, li t ap yon jan difisil pou site non yo tout. Sè Hoover, nou kontan wè w anndan an, maten an, ki soti nan Kentucky. Epi Charlie epi Nellie, Frè Jeffries ak fanmi li, epi jis tèlman gen anpil anndan an, ki soti andeyò vil la.

⁷ Alò nou espere yon gran tan nan Seyè a, maten an, nou espere pou Bondye rankontre nou nan yon fason pou beni nanm nou epi pou sèvi nou bagay yo ke nou bezwen.

⁸ E antan m ap voye je m gade alantou plas la, si m kòmanse site non tout zanmi m yo alantou isit la, m ap pran pifò maten an, ap site chak moun diferan. Sa fè m santi m byen pou retounen legliz, pou wè tout moun anndan an, rive rankontre.

⁹ Ki sa li pral ye lè nou rive nan Syèl, epi nou rankontre Laba a pou gran tan fratènite Etènèl sa a ki pap janm fini an ansanm, alantou Twòn Bondye a, ak benediksyon yo menm ke nou tout

te konn cheri? Nou, Laba a, nou va fèt selon resanblans Li, epi selon imaj Li, epi ak Lespri Li sou nou, pou nou adore epi sèvi Li pou tout Letènite, san nou pa janm fatige.

¹⁰ Jis reflechi, pa gen anyen ki ka vin nan panse w, ke ou renmen fè, pou ke tanzantan ou pa fatige fè l. Charlie, mwen panse ke oumenm avè m chase ekirèy plis ke nenpòt bagay ke nou renmen fè, nan fason sa a, men, ou konnen, ou fatige fè l.

¹¹ E mwen—mwen renmen pwonmennen a pye, ale nan mòn yo epi jis pwonmennen a pye. Men mwen fatige, pafwa, ou vle fè yon lòt bagay.

¹² E mwen renmen kondwi. Pafwa mwen santi m yon jan fatige epi bouke, epi nè yo apik. M jis sote nan machin mwen epi m soti, epi m kenbe volan an, m ap woule sou wout la, m ap chante: “M si tèlman kontan ke mwen kapab di mwen se youn nan yo,” oswa yon bagay. Mwen jis kenbe volan sa a byen di, epi m ap chante, epi m ap bat pye mwen, epi m ap rele. Epi, ebyen, apre yon moman, mwen fatige, epi alò mwen retounen lakay epi mwen kòmanse yon lòt bagay.

¹³ Men lè nou va pran adore Bondye nan nouvo Wayòm sa a, pap janm gen yon moman fatig, jis—jis se va toujou yon benediksyon, jis san fen. Men, natirèlman, nou va chanje lè sa a. Nou pap jan nou ye kounye a. Nou va diferan, kreyati diferan ke jan nou ye nan moman sa a. Alò, nou kontan.

¹⁴ Mwen t ap panse. Mwen pa konnen si m te janm fè, di sa a deja oswa non. Frè Charlie, sa gen kèk tan, mwen te nan Kentucky avè l, epi li di: “Frè Branham, ou panse, nan Milenyòm lan, oumenm avè m pral chase ekirèy?”

Mwen di: “Mwen pa panse sa, Charlie.”

¹⁵ Li di: “Ebyen, nou te si tèlman renmen sa,” li di, “ou—ou panse nou va fè sa lè nou rive nan Milenyòm lan?”

Mwen di: “Non, pap gen anyen ki touye nan Milenyòm lan.”

Epi li di: “Ebyen, nou te jis renmen sa.”

¹⁶ Mwen di: “Charlie, e si m te ka konvenk ou ke yon fwa ou te yon kochon, epi ou te leve pi wo pou vin yon èt siperyè, pou w vin yon èt imen? Èske w t ap janm ale, ou ta vle retounen epi jwi plezi yon kochon?”

Li di: “Non.”

¹⁷ Mwen di: “Ou wè, ou t ap si tèlman pi elve ke yon kochon, kounye a, ou se yon imen, ou pa t ap janm vle pou w se yon kochon ankò.” Mwen di: “Kounye a multipliyè sa pa dimil, e se sa ou pral ye lè ou va chanje de isi a a sa ou pral ye. Ou pap janm vle pou w se imen ankò.”

¹⁸ Se vre. Se va yon bagay diferan. Mwen si tèlman kontan jis pou panse a sa, mwen konnen ke yon jou nou va monte pi wo.

19 Ebyen, kounye a, si Seyè a vle, dimanch pwochen, ki pral anviwon. . . Ansuit mwen pral pati, pou ale nan Wyoming, avèk yon bon zanmi; oswa nan Idaho, avèk yon bon zanmi m, Frè Miner Arganbright, Frè Clayt Sonmore, Òm Dafè Kreyen yo.

20 Semèn pwochè, semèn apre semèn pwochè, se kounye a; le 7, m ap nan—nan Dallas, Texas, nan Konvansyon Vwa Gerizon an. E jou swa m ap pale a se le 7. Epi m ap retounen, pou ale laba a nan Idaho avèk Frè Arganbright epi Òm Dafè Kreyen yo. E petèt mwen va genyen yon sware nan Minneapolis, anvan nou pati. Epi yon dejene ak Òm Dafè Kreyen yo.

21 Si Seyè a vle, dimanch maten pwochen mwen vle retounen isi a nan tabènak la ankò, e si sa pèmi epi se volonte Seyè a. E mwen vle pale sou sijè *Toubiyon An Nan Van An*, si Seyè a vle. Sanble li sou kè m, tout semèn lan.

22 Epi lòt maten an, vrèman bonè, vè katrè nan maten, mwen te leve epi mwen te genyen panse sa a: “Jou sa a sou Kalvè a.” E mwen vle pale sou sa, maten an: *Jou Sa A Sou Kalvè A*.

23 E kounye a pou lekti sa a, ann ale nan Bib nou kounye a, nan Lekriti, nan Levanjil Sen Matye, chapit 27 la. E n ap kòmanse nan vèsè 27 la epi n ap li yon pòsyon nan Lekriti sa a, pou n ka gen yon fon, ansuit n ap kòmanse tousuit. Epi apre sèvis predikasyon an, ansuit nou pral lapriyè pou malad yo.

24 E, o, depi dènye fwa mwen te isi a, mwen te jis raple, epi mwen te bay modèl nouvo tip ministè mwen an. Mwen te genyen plis temwayaj sou reyinyon sa a ke mwen genyen sou nenpòt lòt depi lontan.

25 Gen yon bagay, ki fè ke ou dwe kontakte moun lan, kèlkeswa kantite sinatirèl ki manifeste a. Men, ou wè, gerizon dwe repoze sou fwa endividi a. Kounye a, si endividi a gen lafwa . . .

26 E yo wè, tankou, Sentespri a travèse oditwa a epi Li di: “*Sèten-sèten* bagay te pase. E, ke, ou gen *tèl-e-tèl* non. E ou soti nan *tèl* plas. Epi yon *sèten* bagay ke ou te fè. E li pral rive fason sa a.” Epi gade tout ki rive jis nan fason sa a!

27 Poutan, endividi, ki chita la a, ta dwe gade epi di: “Sa dwe vin de Bondye. Mwen aksepte gerizon m.”

28 Men, olye de sa, endividi a di: “Poze men sou mwen epi priye pou mwen, alò mwen va geri.” Men se konsa yo anseye nou isi a ann Amerik, epi, alò, pou kwè sa. E se sètènman selon Lekriti.

29 Men nou wè, ann Afrik ak diferan plas, jis kite yon bagay konsa pase, tout oditwa a ap rive pran l menm lè a, aksepte gerizon yo, paske yo pa t anseye yo anyen. Ou wè? Yo pa t menm anseye yo gerizon. Epi alò lè yo wè sa, yo konnen ke gen yon Bondye ki vivan. “E si Li vivan, Li—Li siprèm, epi Li—Li geri.” Epi se sa, paske baz la deja poze, fondasyon yo, ke Li se yon gerisè, e Li geri moun yo. Alò lè yo wè Prezans Li ap travay nan Legliz Li, alò yo di: “Se regle. Se tout sa nou bezwen.”

30 Men yo te anseye nou, “poze men sou malad yo,” ak bagay konsa. Men pou ki rezon sa pa mache tèlman byen ann Amerik.

31 Kounye a, sonje, dimanch maten pwochen, si se volonte Seyè a, Frè Neville va anonse l, natirèlman. E . . . la . . . *Yon Toubiyon Nan Van An*.

32 Kounye a, mwen t ap ban nou yon ti tan pou nou ale nan Lèzekriti nou yo, nan Matye 27. Ann kòmanse li nan vèsè 27 la—la, nan Levanjil Sen Matye. Kounye a ann koute lekti a byen.

Epi sòlda gouvènè a te *mennen Jezi nan* sal komen an, epi yo te rasanble *tout batayon sòlda yo fè wonn li*.

Epi yo te *dezabiye l*, epi yo te *mete sou li yon wòb wouj*.

E lè yo te fin *trese yon kouwòn pikan*, yo te *mete l sou tèt li*, epi *yon wozo nan . . . men li*: epi yo te bese jenou *devan l*, epi yo te moke li, *antan yo t ap di*: Sali, *Wa Jwif yo!*

E yo te *krache sou li*, epi yo te *pran wozo a*, epi yo te *ba l kou nan tèt*.

. . . *apre ke yo te fin moke l*, yo te *wete wòb la sou li*, epi yo te *mete pwòp rad pa l sou li*, epi yo te *mennen l ale pou yo krisifye l*.

Epi kòm yo te *soti*, yo te *jwenn yon nonm ki moun Sirèn*, ki te *rele Simon*: yo te *fòse li pote kwa li a*.

Epi lè yo te *rive*, rive yon *kote ki rele Gòlgota*, ki *vle di*, *plas zo bwa tèt la*,

Yo te ba li *vinèg mele ak fyèl pou l bwè*: . . . lè li te *goute* ladann, *li pa t vle bwè*.

E yo te krisifye li, epi yo te *pataje rad li*, epi yo te *tire osò*: pou ke li te ka akonpli sa ki te pwononse pa pwofèt la: Yo te pataje rad mwen yo ant yomenm, epi yo te *tire vètman mwen osò*.

. . . antan yo te *chita yo te siveye l la a*;

E yo te *mete . . . sou tèt li yon akizasyon ki te ekri*: SA SE JEZI WA JWIF YO.

Lè sa a te *genyen de vòlè ki te krisifye avè l*, *youn sou bò dwat la*, epi *lòt la sou bò gòch la*.

Epi sila yo—sila yo ki te *pase la a te joun l*, antan yo t ap sekwe tèt yo,

Epi yo t ap *di*: *Oumenm ki te detwi tanp lan*, e ki bati *l nan twa jou*, *sove tèt ou*. *Si ou se Pitit Bondye a*, *desann sou kwa a*.

Konsa tou chèf prèt yo t ap moke l, ak eskrib yo ak ansyen yo, yo te *di*:

Li te sove lòt moun; li pa kapab sove tèt li. *Si li se Wa Izrayèl la*, *se pou l desann sou kwa a*, epi *n a kwè nan li*.

Li te mete konfyans nan Bondye; ke li delivre li kounye a, si l ap sove li: paske li di: Mwen se Pitit Bondye a.

Vòlè yo tou, ki te krisifye avèk li a, t ap joure yo menm jan an, t ap joure l.

Kounye a depi sizyèm èdtan an te genyen tenèb sou tout latè jouk nevyèm èdtan an.

Epi vè nevyèm èdtan an Jezi te kriye avèk yon vwa fò, li di: Eli, Eli, lama sabachthani? sa ki vle di: Bondye M lan, Bondye M lan, poukisa ou abandone m?

Kèk nan sa yo ki te kanpe la a, lè yo te tandè sa, yo di: Nonm sa a ap rele Eli.

Epi lamenm youn . . . te kouri, epi li te pran yon eponj, epi li te ranpli l ak vinèg, epi li te mete l nan yon wozo, epi li te lonje l ba li pou bwè.

Rès lòt yo di: Kite sa, ann wè si Eli ap vin sove l.

Jezi, lè li te kriye ankò avèk yon vwa fò, te remèt lespri li.

Epi, men li, vwal ki te nan tanp lan te dechire an de depi anwo jouk anba; epi latè te tranble, epi wòch yo te fann;

. . . tonm yo te louvri; epi anpil kò sen yo ki te dòmi te resisite,

Epi yo te soti nan tonm yo apre rezirèksyon li a, epi yo te antre nan vil sen an, epi yo te parèt devan anpil moun.

Kounye a lè santenye a, ak sa yo ki te avèk li a, t ap siveye Jezi, yo te wè tranbleman tè a, ak bagay sa yo ki te fèt la, yo te pran yon gran laperèz, yo di: Vrèman se te Pitit Bondye a.

³³ Ann koube tèt nou jis yon moman pou lapriyè.

³⁴ Seyè, nou konnen ke Ou se Bondye. E li . . . Apre nou fin li Pawòl ki sakre epi ki sen sa a, nou ka wè ankò ke nati Ou pa chanje. Ou toujou Bondye. E li te sanble tankou ke Jezi pa ta pral genyen okenn sekou, ke men mechan yo te kenbe L e yo te rache L an miyèt moso, e yo te krache sou Li, e yo te moke L, e antan Li te pandye sou kwa a, ap senyen, mouri. E te sanble tankou pa t gen okenn sekou, okenn kote, jouk menm Li te kriye, Limenm: “Bondye M lan, Bondye M lan, poukisa Ou abandone M?”

³⁵ Men, Ou aji nan moman an ke lè anyen lòt ka aji. Ou fè nou konnen, Seyè, ke si nou genyen nenpòt rivyè ke nou pa ka travèse, si nou genyen nenpòt montay nou pa ka travèse, Bondye espesyalize nan fè de bagay ke lòt pa ka fè.

³⁶ Ou se yon espesyalis, nan travay la, paske Ou te konnen rezon jou sou Kalvè a. Ou, antan ke Bondye, Sila ki enfini an, te konnen lè sa a dwe vini. Men lè li te akonpli, alò Ou te montre Ou te Bondye. Ou te montre Kiyès ki te bòs la. Ou te fè tè a tranble,

epi sen yo ki te dòmi anba tè a te soti. Ou te nwasi solèy la nan lannwit, tankou tenèb lannwit, pou montre ke Ou te Bondye. Men Ou te sanble fè silans tèlman lontan.

³⁷ Annou, apati de sa, tire konklizyon sa a, ke, osi lontan ke n ap mache nan Lespri a, kondwi pa men Bondye, kèlkeswa sa ki sanble ale mal, sepandan n ap fè fas a Kalvè a; Bondye va pale nan bon lè a, nan bon tan an.

³⁸ Kounye a, Papa Bondye, nou ta vle mande padon pou peche ak ofans nou yo. Nou ta vle mande pou Lespri Ou kondwi nou. Kondwi nou, jan Kolonb lan te kondwi Ayo a. Annou obeyisan nan kèlkeswa sa ki ta prezante devan nou, antan nou konnen sa, ke Bondye ap fè tout bagay ale byen, epi konnen ke sa prale byen.

³⁹ Rete avèk nou jodi a nan sèvis sa a. Nou priye ke Ou sove sa yo ki nan kondisyon pou sove, epi k ap chache sali. Ranpli sa yo ak Lavi Etènèl, k ap chache bagay sa. Nou priye ke Ou va geri sa yo ki malad epi ki aflije, ki vini, pou chache gerizon. E nou va louwe Ou pou sa. Nou mande li nan Non Pitit Ou a, Sovè nou an, Jezikri. Amèn.

⁴⁰ Kounye a, nan predikasyon an maten an, nou swete atire atansyon w sou tèks la ke mwen chwazi pou preche a: *Jou Sa A Sou Kalvè A*.

⁴¹ Li sanble tankou li ta yon ti jan andeyò sezon an; sa ta dwe yon Vandredi Sen. Kalvè ta dwe komemore chak jou. E nou si tèlman tandè pale de li, si tèlman li sou li. Predikatè yo preche sou li, depi nan kòmansman tan an. Chantè yo chante sou li, atravè aj yo. Pwofèt yo te predi li, kat mil ane anvan li te pase. E pwofèt yo nan jou jodi sa a kase tèt tounen sou lè li te pase. Se yon jou tèlman enpòtan! Se youn nan jou ki pi enpòtan nan tout jou ke Bondye janm kite leve sou latè.

⁴² E si li si enpòtan pou ras imen an, Kalvè a, mwen panse li bon pou nou pou retounen dèyè epi egzamine, wè jis ki sa li vle di pou nou. Paske, mwen sèten, nan dènye lè sa a ke n ap viv la, n ap chèche chak enpòtan Bondye ke nou ka konnen. E tout sa nou ka jwenn, nou isi a pou aprann de li, pou wè ki sa ki pou nou, e ki sa Bondye fè pou nou, epi wè ki sa Li te pwomèt pou fè pou nou. E se pou sa nou vin legliz. Se poutèt sa predikatè a preche, se poutèt sa li etidye epi li medite nan Lekriti, epi chache enspirasyon, se paske li se yon sèvitè piblik pou pèp Bondye. E l ap eseye jwenn yon bagay ki pral . . . ke Bondye ta gen pou di a pèp Li, yon bagay ki ta ede yo. Petèt, li ta ka, kondane yo nan peche yo, men li ta ka yon èd pou fè yo leve, pou ke yo ta abandone peche yo epi leve pou sèvi Seyè a. E minis yo ta dwe chache bagay sa yo.

⁴³ E jou sa a, tèlman enpòtan, youn nan pi gran jou yo, annou gade a twa bagay diferan ke jou sa a te vle di pou nou. Nou ta ka pran plizyè santèn. Men, maten an, mwen jis chwazi twa diferan, bagay ki vital ke nou vle gade, pou kèk pwochen moman yo, sa ke Kalvè vle di pou nou. E mwen priye ke sa va kondane chak pechè

ki prezan; sa va fè chak sen al sou jenou li yo; sa va fè chak moun malad leve lafwa li vè Bondye, epi al fè wout li, geri; chak pechè, sove; chak retwograd retounen, epi vin wont tèt li; epi chak sen, nan rejwisans, epi kenbe pi fèm ak yon nouvo espwa.

⁴⁴ Sa ki gran, bagay enpòtan ke Kalvè vle di pou nou ak lemond, se, li regle kesyon peche a, yon fwa pou tout. Lòm te trouve koupab de peche. E peche te yon pèn ke okenn moun te ka peye. Pèn lan te tèlman gran jiskaske pa t gen pèsòn ki te ka peye pèn lan. Mwen kwè vrèman ke Bondye te òdone li fason sa a, pou ke pèn lan ta tèlman gran ke pa t gen okenn moun ki te ka peye l, alò Li te ka fè l, Limenm. Kounye a, pèn peche se te lanmò. E nou tout te ne nan peche, fòm nan inikite, nou vin nan lemond, tou ap bay manti. Se poutèt sa pa t gen okenn nan nou ki te diy, oswa, yo pa t ka jwenn pèsòn sou latè ki te diy.

⁴⁵ E peche pa t kòmanse sou latè. Peche te kòmanse nan Syèl. Lisi- . . . te . . . Lisifè, dyab la, te yon kreyati kondane, pou dezobeyisans li, anvan li te janm frape latè. Peche te kòmanse nan Syèl, kote Bondye te mete Anj yo, e latriye, sou menm baz ke Li te mete èt imen yo; konesans, pyebwa konesans lan, pyebwa Lavi a ak pyebwa konesans lan, kote lòm te ka fè chwa li. E lè yo te bay Lisifè otorite, pou fè chwa li, li te vle yon bagay miyò pase sa Bondye te genyen. Sa te kòmanse twoub la.

⁴⁶ E te gen yon egzijans pou peche. Egzijans lan se te lanmò. Lanmò se te pinisyon an. E, sa vle di, nou ta ka antre nan gwo detay sou sa, paske mwen pa kwè ke genyen sèlman yon sèl lanmò. Gen yon sèl Lavi. E mwen kwè yon nonm ki gen Lavi Etènèl pa ka janm mouri. E mwen kwè gen yon destriksyon konplè de nanm sa a ki peche a, paske Bib la di: “Nanm lan ki peche a, l ap mouri sèten.” Pa lòm lan; “*nanm* lan ki peche a.” Alò, Satan dwe mouri sèten, pou li detwi konplètman. Konbyen mwen pa dakò ak inivèsalis yo ki di ke Satan ap sove! Li te peche, e se li ki alorijin peche. E nanm li te peche; e li te yon espri. Espri sa a pral detwi totalman, pou pa gen anyen ki rete nan li.

⁴⁷ E lè peche te frape latè, tounen nan kòmansman an, tankou yon vwal tenèb ki tonbe sot nan syèl yo, li te literalman paralize latè. Li te jete chak kreyati, sou latè, epi tout kreyasyon Bondye a, nan esklavaj. Lòm te anba esklavaj lanmò, maladi, twoub, lapenn. Tout nati a te tonbe avèk li. Peche te yon anestezi ki te an reyelite paralize latè. Epi nou te rete isi a, san espwa, paske tout kreyati sou latè te soumèt devan li. E tout moun ki fèt sou latè te soumèt devan li.

⁴⁸ Alò, li te dwe vini soti nan kèk Plas kote ki pa t gen peche. Li pa t ka vini soti sou latè. Youn nan nou pa t ka rachte lòt la. Li te dwe vini soti nan yon Lòt.

⁴⁹ Se poutèt sa, lè lòm te realize ke li te separe de Bondye li a, li te vin yon vagabon. Yo te plere. Yo te kriye. Yo te travay di. Yo te moute desann, nan mòn yo ak dezè yo, ap cache yon Vil

kote achitèk la ak konstrikte a se te Bondye. Paske, li te konnen ke si jamè li te tounen nan Prezans Bondye, li te ka pale sou sa avèk Li. Men pa t gen chimen pou tounen. Li te vin pèdi. Li pa t konnen ki chimen pou l fè, alò li te jis soti, ap moute desann, eseye jwenn kèk kote ke li te ka jwenn yon chimen pou retounen nan Plas sa a. Kèk bagay anndan li di li ke li soti nan yon—yon Plas ki te pafè. Pa gen yon moun isi a nan oditwa vizib sa a, maten an, oswa nan oditwa kasèt mayetik la, kote li prale atravè lemonn, pa gen okenn moun isi a, oswa nenpòt kote, ki pap chache pèfeksyon sa a.

⁵⁰ Ou fin peye bòdwo ou, ou panse: “Sa pral regle li.” Lè w fin peye bòdwo ou, lè sa a gen yon moun malad nan fanmi w. Lè maladi a fin regle, lè sa a ou gen plis bòdwo pou peye. Premye bagay ou konnen, cheve w ap vin gri, epi ou anvi retounen jèn ankò. E gen yon bagay toutan, konstaman, e se akòz vag peche a. Men nan kè w, paske w ap chache sa, li montre ke gen yon Pèfeksyon yon kote. Yon kote, gen yon bagay.

⁵¹ Se pou rezon sa a, anpil fwa, jodi a, ke yon pechè ap moute desann ankò. Yon bèl, jèn tifi pral koupe mèch nan cheve li, pou l popilè; pentire figi l, pou fè l parèt bèl; mete rad pou montre fòm kò li. Paske, se sèl bagay ke li ka jwenn, jwenn yon kote pou eseye jwenn yon bagay pou retounen a limenm, lè li ka lakòz gason ap sifle l, voye men ba li, fè ti jwèt lanmou avèk li. Jèn gason an ap fè menm bagay la sou fanm lan, eseye fè tèt li atiran pou li. Vwazen yo ap bati yon kay, epi y ap ranje l yon sètèn fason, paske l ap parèt yon ti kras pi byen ke kay vwazen li an. Se tout tan, n ap chache yon bagay, e yon bagay kontinye ale jis yon ti kras pi wo li. Jèn dam lan ap jwenn yon lòt jèn dam pi popilè ke li. Vwazen an ap jwenn yon kay ki parèt pi byen ke pa l la. Fanm lan ap jwenn yon lòt fanm abiye yon sètèn fason, ki parèt pi byen ke jan li ye a.

⁵² Se yon bagay nan nou, k ap chache yon bagay, e sa montre ke nou pèdi. Nou vle jwenn bagay sa a ki va mennen nou vè satisfaksyon sa a, ki va ranpli kwen grangou sa a anndan an la, men sanble ke nou pa ka jwenn li. Èt imen yo te eseye li atravè aj yo. Yo te plere pou li. Yo te kriye. Yo te fè tout sa yo te konnen kòman pou fè, men malgre sa yo pa t jwenn li, antan y ap moute desann atravè lemonn.

⁵³ Finalman, yon jou, ke se jou sa a sou Kalvè a, te gen Youn ki te desann soti nan Laglwa. Youn, ki gen Non Jezikri, Pitit Bondye a, Ki te soti nan Laglwa, epi Kalvè a te fòme. Se te jou a ke pri a te peye, epi kesyon peche a te regle pou toujou. E li te louvri chimen ki mennen a bagay ke nou te grangou epi nou te swaf pou li a. Li te pote yon plas satisfaksyon. Pa gen okenn moun ki janm vizite Kalvè, epi ki wè l jan li te ye a, ki ka janm rete menm jan an. Tout bagay ke li te janm dezire oswa anvi, konble, lè li rive nan plas sa a.

54 Se te yon jou tèlman enpòtan, e yon bagay tèlman enpòtan, li te sekwe lemonn. Li te sekwe lemonn, tankou li pa t janm sekwe anvan. Lè Jezi te mouri sou Kalvè epi Li te peye kesyon peche a, mond pechè a te gen yon fè nwa. Solèy la t al kouche nan mitan jounen an, li te gen yon depresyon nèvez. E wòch yo te sekwe, montay yo te fann, e kadav yo te pete kavo a soti.

55 Ki sa sa te fè? Bondye te konsantre, sou Kalvè a. Li te blese animal sa a, yo rele Satan an, pou toujou. Kounye a li pi mechan depi lè sa a, paske se sa ki te pote Limyè bay ras imen an. E nenpòt moun konnen ke yon animal ki blese vin pi mechan, antan l ap rale nan lantouraj la ak do l kraze. Kounye a, yo te fese Satan atè, sou Kalvè a. Latè a te pwouve ke se te sa.

56 Pi gran pri ki te janm peye, e sèl Sila a ki te ka peye l, te vini epi te fè l sou Kalvè a. Se la a ke gran pri a te peye. Sa se youn nan bagay yo. Bondye te egzije li. Pa gen moun ki te diy. Pa gen moun ki te kapab. Pa gen moun ki te ka fè l. Epi Bondye te vini, Limenm, epi Li te fè L imen, epi Li te viv yon vi imen, sou dezi imen, e Li te krisifye sou Kalvè a. E la a, lè Satan te panse Li pa t ap fè l, Li pa t ap pase atravè li, Li te pase atravè Jètsemane epi chak tantasyon ke nenpòt moun te janm reziste. Li te pase atravè sa jis tankou tout moun, men Li te peye pri a.

57 E se sa ki te mete latè nan fè nwa. Se te tankou yon anestezi, pou yon operasyon. Lè yon doktè bay yon nonm yon anestezi, li fese l atè an premye, anvan li ka fè l. E lè Bondye te bay operasyon an—an pou Legliz, lemonn te pran yon anestezi, lanati te gen yon boulvèsman. Sa pa etone! Bondye, nan lachè imen, t ap mouri. Se te lè a ke lemonn t ap chache a, poutan anpil nan yo pa t konnen l.

58 Jan li ye jodi a, anpil te chache bagay sa yo, e poutan yo pa t rekonèt yo. Yo pa reyalize mwayen pou soti a. Y ap eseye chache plezi ak bagay mond lan ankò, y ap eseye jwenn mwayen pou yo soti.

59 Te genyen, anpil siyalizasyon ki te pwente vè jou sa a, anpil gran prefigirasyon. Li te prefigire pa ayo a, pa ti towò bèf la, pa toutrèl la, ak tout bagay sa yo, men poutan li pa t ka kraze l. Li pa t ka kraze anpriz lanmò sa a, kote Satan te mete tè a.

60 Wòch menm ke li te mache sou yo a, monte desann sou latè a, souf k ap boule yo! Lisifè te fis de lorò, e li te mache sou latè lè li te yon vòlkan k ap boule. Menm wòch sa yo ki te refwadi, lè Jezi te mouri sou Kalvè a, te pete soti nan tè a.

61 Pri a ki te peye a, epi esklavaj Satan an te kraze. Bondye te remete nan men lòm, yon mwayen pou retounen a sa li t ap chache a. Li pa t gen pou l plere ankò. Frap la, lè Li te kraze zo do Satan, la a sou Kalvè a, zo do peche, ak maladi! E sa te mennen chak èt mòtèl, sou latè, retounen nan Prezans Bondye, ak peche li padonnen. Alelouya! Peche nou yo padonnen. Satan pa ka mete nou nan fè nwa lwen Bondye ankò.

62 Gen yon gran wout ki te fèt. Gen yon telefòn ki plase la a. Gen yon liy vè Laglwa, ki mennen chak moun ki jwenn liy sa a. Si yon nonm ranpli ak peche, li konekte li nan yon santral. Li ka padonnen de peche sa a. Non sèlman sa, men yo peye pou peche sa a. O! Ou pa gen pou w di: “Mwen pa diy.” Sèten, ou pa diy, ou pa t ap janm ka diy. Men Youn ki diy te pran plas ou. Ou lib. Ou pa bezwen moute desann ankò. Ou pa dwe yon nonm k ap chache plezi isiba sou latè.

Genyen yon sous tou plen ak San,
Se San Jezikri,
Pechè yo ki benyen ladann,
Soti san tach e pi.

63 Ou pa bezwen pèdi. Gen yon gran wout, epi yon Chimen, e li rele Chimen sentete a. Enpi a pa mache sou li. Paske, li vini nan fontèn lan, an premye, epi li antre sou gran wout la.

64 Li te kraze pwisans Satan yo. Li te louvri pòt prizon lanfè yo, pou chak moun ki te fèmen, sou tè sa a, nan prizon yo, ki te pè ke lè li te mouri, ki sa lanmò t ap ye pou li. Sou Kalvè a, Li te louvri pòt selil yo, pèmèt chak kaptif pati lib. Ou pa bezwen dechire pa peche ankò. Ou pa bezwen livre manm ou yo bay peche ankò, bwè, fimèn, parye, bay manti. Ou ka onèt, jis, epi entèg. E Satan pa ka fè anyen sou sa, paske ou kenbe yon liy, yon liy Lavi ki ankre nan Wòch Laj yo. Anyen pa ka detache w de Li. Okenn van pa ka detache w de Li. Anyen ditou, menm lanmò pou tèt pa l, pa ka separe nou de lanmou Bondye ki nan Kris Jezi. Se sa Kalvè a te vle di.

65 Lèzòm ki te nan esklavaj te vin lib. Lèzòm ki te anba krent lanmò yon fwa pa ka pè lanmò ankò. Yon nonm ki anvi yon Vil, ke achitèk la ak konstriktè a, se Bondye, ka mache sou gran wout la, epi tounen fas li vè Syèl la, paske li lib. Alelouya! Li rachte. Li pa bezwen moute desann ankò, paske gen yon mwayen pou konnen si ou vrè oswa non. Bondye ban nou Lavi. Peche nou yo pati. Jou sa a sou Kalvè a te peye pri a. Lè nou wè tout sa, sa pa etone ke powèt la te ekri:

Antan wòch yo t ap fann epi syèl yo te fè nwa
Sovèm lan te koube tèt Li epi Li te mouri.
Vwal ki louvri a te revele Chimen an
Vè jwa yo nan Syèl la ak jou ki pa gen fen an.

66 Abraham pa bezwen moute desann ankò, atravè peyi a, pou chache yon vil. Pechè a pa bezwen mande ankò, si li ka sove oswa non. Nonm malad la pa bezwen mande si li ka geri oswa non. Vwal ki louvri a, jou sa a sou Kalvè a, te revele Chimen vè viktwa total la. Bondye ban nou pwisans Lespri Li yo, pou mennen yon vi ki triyonfe sou tout bagay sa yo; Li mande nou sèlman pou kwè li. Sa te pase nan jou sa a sou Kalvè a. Pa t janm gen yon jou tankou li. Pa p janm gen youn tankou li. Se pa nesèsè ankò. Pri a peye, epi nou rachte. Mèsi Bondye! Nou rachte. Pa gen anyen

ankò pou w mande. Pa gen devinèt ankò sou li. Tout sa pati. Vwal la te rale rido a dèyè, e yo mete nou sou yon gran wout, pou nou pa mande ankò, men pou nou kwè epi jis mache drèt. Nou mache drèt nan Prezans Bondye menm.

⁶⁷ Abraham te konnen, epi lòt yo te konnen, ke pandan yo t ap chache Vil la, yo te konnen yo te soti yon Kote. Yon bagay te pase. Yo t ap viv sou yon tè ki paralize. Te genyen tranbleman tè. Te genyen tanpèt. Gè yo ak masak yo! Lou a ak ayo a te nouri yo youn de lòt, oswa lou a te nouri li de ayo a, epi lyon an manje bèf la. Li pa sanble li kòrèk. Gen yon bagay ki pa mache. Li te konnen te gen yon bagay ki pa mache. Lèzòm epi frè ap touye frè; papa ap touye pitit, pitit ap touye papa. Gen yon bagay ki pa mache. Li fin vye granmoun. L ap mouri. L ap deperi. Maladi anvayi li. Li nan esklavaj. Pye bwa yo pouse, men yo pa imòtèl. Yo mouri. Montay yo chanje. Lanmè yo seche. Dlo yo vin sèk. Gen yon bagay ki pa mache. E li te chache yon plas, yon Vil kote sa pa t rive ankò. Li te konnen, si janmè li te ka retounen nan Prezans Sila ki te fè li kòrèk la, li te ka pale sou sa avèk Li.

⁶⁸ O, ala yon privilèj, pechè, sa ye, maten an, pou konnen ke ou genyen Chimen an kounye a. Jou sa a sou Kalvè a te louvri chimen an. Paske tout sa patriyach sa yo te pouswiv e yo te chache, Kalvè a te ba ou li, gratis. Kouman w ta fè rejte l? Kouman w ta fè rejte l, pou w al jwenn yon denominasyon? Kouman w ta fè rejte l, pou w ranplase l pa yon lòt bagay, plezi nan lemonn yo? Poukisa w pa aksepte l? Vwal ki louvri a mennen yon nonm retounen drèt nan Prezans Bondye, san peche sou li, de nenpòt kalite. E li trase yon wout devan li, vè bagay ke l ap chache a: Syèl la, laglwa, lapè, Lavi Etènèl, tout bagay drèt devan li.

⁶⁹ Jou sa a te bay yon souflèt mòtèl a pwisans Satan. Li te fini ak tout bagay.

⁷⁰ E mwen ka wè Li la a; se Li ki te ayo Edenn lan, depi menm sou premye lonbraj ki te vini sou li a.

⁷¹ Lè Abèl, pa lafwa, te ofri Bondye yon sakrifis pi ekselan ke pa Kayen an, li dwe te mare yon—yon lyann nan kou ayo a, li te trennen l jouk sou wòch la. Li te pran yon—yon wòch nan men l, pou yon lans, epi li te rale ti tèt li dèyè, epi li te koupe l epi rache l jouk li te mouri. Epi lenn li te benyen nan pwòp san l. Li te woule nan san l. Se te yon lonbraj.

⁷² Men nan jou sa a sou Kalvè a, pa t gen yon ayo ki soti sou tè sa a, men se te Ayo Bondye a, ki t ap mouri, woule nan Pwòp San Li. Mond lan te rache L, epi koupe L, epi bat Li, epi krache sou Li, epi frape L fò, epi souflete L, ak tout bagay, epi gout San an t ap koule sou mèch cheve Li.

⁷³ Lè ayo Abèl la te mouri, li te mouri, antan li t ap pale nan yon langaj ke Abèl pa t ka konprann. Li t ap fè bè.

⁷⁴ E lè Ayo Bondye a te mouri jou sa a sou Kalvè a, Li te pale nan yon lang ke pèsòn pa t konprann Li. “Bondye Mwen, Bondye

Mwen, poukisa Ou vire do ban Mwen?” Se te Ayo Bondye a, yo te koupe an mòso, yo te rache.

⁷⁵ Li te Ayo a menm ke Abèl te gen nan lespri li, lè li te wè Semans pwomiz fanm lan. Li te Ayo a ke Danyèl te wè, ki te taye sot nan yon montay, san sekou okenn men. Li te Wou a ki te nan mitan wou a, pou pwofèt la. Tout sa yo te wè davans te akonpli nan jou sa a, jou sa a sou Kalvè a. Se sa ki te pote gran bagay la. Se sa ki te kraze zo do Satan.

⁷⁶ An premye, nou ta dwe chache ki sa jou sa a vle di. An dezyèm, nou ta dwe wè ki sa jou sa a fè pou nou, kounye a, ki sa li te fè pou nou. Kounye a, an twazyèm, ann gade ki sa nou ta dwe fè pou jou sa a. Ki sa nou ta dwe fè?

⁷⁷ An premye, nou ta dwe voye je nou ladann, paske se yon gran jou, ki pi gran pami tout jou yo. Pri peche a te regle. Pwisans Satan te brize.

⁷⁸ E kounye a nou vle wè ki sa nou ta dwe fè an retou. Kounye a, an retou, lè Jezi te mouri sou Kalvè a, sou Kalvè a jou sa a, Li pa t sèlman peye pri a pou peche nou yo, men tou Li te peye pri a epi Li te fè yon mwayen pou ke nou te ka swiv Li; paske nou, antan ke Adan dechi ki te rachte yo. Kòm Lespri te kondwi Adan (premye Adan an) pa Lespri, ki te gen kontwòl sou tout lanati, alò nou (dezyèm Adan an), oswa lèzòm sou latè te rachte pa Kris, depi jou Kalvè a, ka swiv Li. Kounye a, lè Li te mouri sou Kalvè, Li te fè yon mwayen. Li te rann Lespri, Sentespri a, ki te voye L retounen sou latè, pou ou avè m te ka viv pa Li. Se sa Kalvè vle di pou nou, swiv Li.

⁷⁹ An premye, gade anndan l, wè ki sa li te fè pou nou. E kounye a ki sa nou dwe fè an rekonesans a sa? Ki sa oumenm avèk mwen dwe fè?

⁸⁰ Kounye a, nou di: “Ebyen, mwen—mwen apresye sa. Se trè byen.” Men nou dwe aksepte li. E aksepte li, se aksepte Pèsòn Li, Kris nan kè nou.

⁸¹ Kifè, nou delivre anba peche, se poutèt sa pa gen okenn chèn peche ki pandye anlè nou, ditou. Bondye, se jis tankou nou pa t janm peche, Sakrifis pafè a fè nou pafè. Paske, Jezi di: “Se pou nou pafè, menm jan Papa nou ki nan Syèl la pafè.” Kifè, pa genyen anyen plis pou ki fèt, men nou vin pafè nan Prezans Bondye.

⁸² Bon, men kote nou pèdi pozisyon nou. Si nou pa veve, n ap eseye gade dèyè a sa nou te ye. E toutotan n ap gade dèyè a sa nou te ye, Sakrifis la pa vle di anyen pou nou. O, nou pa ka wè l, egliz? Mwen pa t ap . . . Mwen pa t ap eseye travay la. Mwen pa kapab, e nou menm non pli. Nou pa bezwen eseye. Nou pèdi, pou kòmanse, toutotan n ap gade a sa nou te fè. Men pa gade a sa nou te fè.

83 Gade sa jou sa a sou Kalvè a fè pou ou. Li peye pri a pou ou. Li regle kesyon an. “Si peche w yo tankou kramwazi; yo blan tankou nèj. Wouj tankou poup; blan tankou lenn.” Kifè ou pa gen peche. Ou pafètman san peche. Kèlkeswa sa ou te fè, oswa sa ou fè, ou toujou san peche. Toutotan ou aksepte Jezikri kòm Sovè ou, peche w yo padonnen. Nenpòt bagay *padonnen* se “remèt epi bliye.”

84 Alò ki sa sa fè? Li ba ou, apre kondisyon sa a, Lespri Li, pou swiv Li, epi pou w fè jan Li te fè, pou lòt yo k ap swiv. Li te jis yon Nonm, Nonm pafè a. Li te bay vi L, epi Li te trase yon egzanp pou ou. Kounye a ki sa pou nou fè?

85 Kounye a, premye bagay mwen vle di, se ke, Jezi pa t janm viv pou tèt Li. Vi L te depanse pou lòt yo. Sa se, pafètman, Lavi Etènèl. Lè w di ou ale legliz, epi ou fè bon bagay, se byen. Men lè ou viv lavi w pou tèt ou, ou pa gen Lavi Etènèl. Lavi Etènèl, se viv pou lòt yo. Li te pwouve sa lè Li te vini nan Ayo Bondye a. Li te viv, e Li te gen Lavi Etènèl, paske Li pa t viv pou tèt Li. Li te viv pou lòt yo. E ou resevwa Lavi Etènèl, antan ou resevwa jou sa a, epi ou pap viv pou tèt ou ankò. Ou viv pou lòt yo.

86 Yon moun te di: “Kòman ou ka sipòte, kite nenpòt moun rele w kalite move non sa yo?” Ou pap viv pou tèt ou. W ap viv pou lòt yo, pou w ka rachte nonm sa a. Nou vin pitit gason. E pwoblèm lan se ke, legliz la bliye ke yo te pitit gason. Ou se yon pitit gason. Ou pran plas Kris. Ou se yon pitit gason, alò piga ou viv pou tèt ou. Viv pou lòt yo.

87 “Ebyen, Frè Branham, mwen ka viv pou frè *sa a*, paske li sèten li se yon nonm janti.” Se pa sa.

88 Viv pou nonm sa a ki rayi w la. Viv pou moun sa a ki ta touye w la si yo te kapab. Se sa yo te fè Li. Yo te touye Li, e Li te mouri, pou ke Li te ka sove yo. Se sa Lavi Etènèl. Lè, ou, sa ki nan kè w la, w ap fè fas devan Syèl la lè sa a. Men ou sakrifye pwòp bagay pa w, ou abandone yo, tankou mouton an ki bay lenn li. W ap gade lwen, nan direksyon Kalvè a.

89 Mwen espere ke sa ap ede w pran yon pozisyon. Se sa tabènak la, se sa tout moun, dwe fè, se chache wè ki sa ou ye, epi ki objektif la. Legliz, se pa ale legliz jis pou jwe mizik, chante kantik. Legliz se yon plas pou koreksyon. “Jijman kòmanse lakay Bondye.”

90 “Nou dwe rekonèt nou mouri, epi nou vivan pou Kris.” Lè sa a, Li fè mwayen an pou ke nou ka sakrifye tèt nou pou sèvis Li, pou swiv Li. Si nou swiv Li, nou mennen lavi ke Li te viv la. Se mèveye.

91 Jezi te di, e Li te pale sou sa. Kite m ba ou kèk sitasyon sou sa. Tande byen. Pa rate sa. Jezi di, nan Jou sa a Li ta separe moun yo, tankou mouton yo ak kabrit yo. E Li ta di kabrit yo: “Metete nou sou bò gòch.” E mouton yo: “Metete nou sou bò dwat.”

92 E Li di kabrit yo: “Elwaye nou de Mwen. Paske, Mwen te grangou, e nou pa t ban M manje. Mwen te nan prizon, e nou pa t vizite M. Mwen te toutouni, e nou pa t mete rad sou Mwen. Mwen te swaf, e nou pa t ban M bwè. Mwen te malad, e nou pa t vizite M. Alò, elwaye nou de Mwen.”

93 E a mouton yo, Li di: “Mwen te grangou, e nou te ban M manje. Mwen te toutouni, e nou te ban M rad. Mwen te malad, e nou te pran swen Mwen.”

94 E remake. Pa manke sezi sa, egliz. Gade sa nan kè w, pou toujou. Sa te fèt tèlman enkonsyaman! Moun yo pa fè l pa devwa. Yon nonm ki ba ou yon lòt bagay, paske li dwe fè l, yon nonm ki ba ou manje paske li dwe fè l, li gen yon lide egoyis. Sa ta dwe vi pa w menm, aksyon pa w menm.

95 Se te tèlman yon sipriz pou mouton sa yo, ke yo te di: “Seyè, ki lè Ou te grangou? E nou pa t ba Ou manje. . . Ki lè Ou te grangou, e nou te ba Ou manje? Ki lè Ou te toutouni, e nou te ba Ou rad? Ki lè Ou te swaf, e nou te ba Ou bwè? Ki lè Ou te malad, e nou te pran swen Ou?”

96 Li te tèlman fèt otomatikman pa amour, jis Lavi Ou te viv nan yo. Bondye, pèmèt ke moun yo wè ki sa Kalvè a te fè pou nou, tèlman otomatikman.

“Ki lè Ou te konsa, Seyè? Nou pa t janm konnen sa.”

97 Gade sa Jezi te tounen pou di: “Tout fwa ke nou te fè l pou sila yo, nou te fè l pou Mwen.”

98 Lavi san egoyis; pa dezyèm panse a. Pa panse a sa; men ou tèlman mouri a bagay nan monn sa a, epi tèlman vivan nan Kris, epi tèlman ap mache sou gran wout la, ke bagay sa yo se jis yon bagay otomatik. Ou jis fè l. Pa di: “Ebyen, bon, Seyè a ta, Seyè, vle mwen fè sa.” Se pa sa. Ou se jis yon pati de Li. Lespri Li nan ou, e w ap aji jan Li te aji. An! Konprann li byen.

99 “Gen yon chimen ki parèt dwat devan yon nonm, men lafen li se chimen lanmò.”

100 “Se pa tout sa yo k ap di: ‘Seyè, Seyè,’ k ap antre, men sila yo ki fè volonte Papa M,” jis nan kè yo, jis libreman.

101 Kounye a, jou sa a sou Kalvè a te peye pri sa a, pou nou te ka konsa.

102 Se pa di: “Ou konnen, vè Jones yon fwa te. . . Li pat gen chabon, epi m te ale epi m te achte kèk chabon pou li. M ap di ou, mwen wè yon frè ki te bezwen yon kostim, epi mwen te ale epi mwen te achte yon kostim pou li. Bondye beni! M se yon Kreyen.” O, la la! Oumenm egoyis, pòv, moun mizerab. Ou se yon ipokrit.

103 “Pa kite men dwat la konnen ki sa men gòch la ap fè, epi gòch la konnen ki sa dwat la ap fè.” Jis tèlman otomatikman mouri nan Kris, jouk ou fè l, nenpòt ki jan. Se nati ou. Se konsa ou fèt. Ou

fè l, nenpòt ki jan. Se jis Lavi a k ap viv nan ou. Ou konplètman soumi a Lespri sa a, e Li jis ap viv Limenm nan ou. O, ou santi Lespri beni sa a, Lavi sa a! “Se pa mwen k ap viv,” Paul di, “men se Kris k ap viv nan mwen,” se jis tèlman otomatik.

¹⁰⁴ “Ebyen, mwen di ou, Frè Branham, nou se Kreyen isi a. Nou ede moun sa yo. Nou ede moun yo.” O, la la! Wont sou ou. Sa se pa Krisyanis.

¹⁰⁵ Krisyanis te jis otomatikman dwe fè l. Sa dwe fèt. Epi ou jis bliye sa, tout sa, “se pa mwen.” Ale, fè l.

¹⁰⁶ Kris te jis konplètman soumèt Vi L bay Bondye. Li te bay tèt Li, kòm yon sèvitè piblik, pou moun yo. Li te bay vi L, gratis. Li pa t oblije fè l. Li pa t fè l dan sere. Li pa t di: “Kounye a, frè yo, nou tout ta dwe panse anpil de Mwen, paske Mwen vin mouri pou nou.” Li pa janm di yon pawòl sou sa. Li te mouri, nenpòt ki jan, paske se te Bondye nan Li.

¹⁰⁷ Se Bondye nan ou, se Bondye nan mwen, ki fè nou konsidere lòt yo. Mouton yo, sou yon bò.

¹⁰⁸ Youn nan yo va di: “Ebyen, Seyè, mwen te fè si. Epi, Seyè, mwen te fè sa.”

¹⁰⁹ Li di: “Elwaye nou de Mwen, noumenm ouvriye inikite. Mwen pa t janm konnen nou menm.”

¹¹⁰ Si legliz te ka rive a reyalite fondamantal sa yo, ke se pa yon bagay ou eseye fè, ou fòse tèt ou fè. Se yon bagay ki ne nan ou.

¹¹¹ Padonnen m, zanmi Pannkotis mwen an. Mwen se pannkotis. Men zanmi Pannkotis mwen yo rive nan yon pwen, kote dwe genyen yon—yon pakèt mizik cho, kèk gwoup mizik k ap jwe, oswa men k ap bat, oswa tanbouren, pou gen yon kri ki pouse. Sa se sèlman emosyon. Yo jwe mizik nan gwoup anvan y al nan batay. Yo mete moun yo nan emosyon batay la. Mwen kwè nan mizik. Mwen kwè nan bat men. Men mwen kwè nan bagay sa yo. Se egzakteman laverite. Nou ta dwe gen sa.

¹¹² Men nou lese gran bagay yo san fè yo, se sakrifis lavi pèsònèl la ke Bondye viv nan ou, otomatikman w ap fè sa ki jis paske se jis. Jis kontinye, pa menm panse anyen sou sa. Jis viv li. Epi gade, w a wè sa k ap pase. Ou jis . . . ou pa . . . Ou sou gran wout la. Se sa Kalvè a vle di pou ou, sou gran wout la, li te louvri jou sa a pou ou.

¹¹³ Bon, kounye a sonje, ou pa kapab mwatye kabrit mwatye mouton. Yo pap melanje.

¹¹⁴ Bon, gen anpil moun ki di: “Wi, ou konnen ki sa? Nou gen yon òganizasyon nan gwoup nou an. Nou, nou ede pòv. Nou fè si.” Se kòrèk, men w ap vante tèt ou sou sa. Piga ou fè sa.

¹¹⁵ “Bay kichòy ou an sekre,” Jezi di. Jis otomatikman, yon bagay nan ou, pa plis ke ale, cache dlo. Ou swaf. Si pwochen w swaf, ou panse a li, tou. Bezwen pwochen w, ou panse a limenm

menm jan ou ta panse a pwòp bezwen pa w. Epi pa bay okenn atansyon a sa. Jis kontinye viv.

Bon, ou pa ka mwatye mouton epi mwatye kabrit.

¹¹⁶ Alò si ou di: “Ebyen, legliz nou an gen yon òganizasyon. Nou bay pòv yo, epi nou fè *si*, epi nou fè *sa*, epi nou fè *lòt bagay*.”

¹¹⁷ Si ou gen sa san lòt sa a, Lavi Kris la nan ou, ou jis ap fè l'absoliman pou gremesi. Jezi . . . Paul di, 1 Korentyen 13: “Menm si mwen ta bay tout byen mwen pou nourri pòv yo, epi mwen ta bay kò mwen pou yo boule tankou yon sakrifis, sa pap sèvi m anyen.”

¹¹⁸ Kounye a, sa di, men se Laverite. Ou dwe rive a reyalite sa a, rekonèt ki sa Kalvè te fè pou ou. Nou gade li, epi nou di: “O, wi, se byen.” Se pa sa. Si Pitit Bondye sa a te dwe ale sou Kalvè, pou krisifiksyon, chak pitit ki vini dwe ale sou Kalvè. Li dwe gen yon Kalvè tou. Ou dwe genyen jou Kalvè sa a. Mwen dwe genyen jou Kalvè sa a. Sa regle kesyon peche a. Se pa sere men predikatè a; se pa sekwe w nan legliz; se pa antre pa yon lèt; se pa antre pa yon pwofesyon. Men se antre pa yon Nesans. Li pa t janm bay yon lèt. Li pa t janm bay yon pwofesyon. Li te bay yon Nesans. Se konsa nou antre ladann. Kifè, depi lè sa a, otomatikman n ap viv vi Kreyen yo.

¹¹⁹ Kounye a, yon lòt remak. Mwatye kabrit, mwatye mouton, yo pa genyen yon tèl bagay. Ou se oswa kabrit oswa mouton. Ou pa mwatye kabrit epi mwatye mouton. Ou se oswa kabrit oswa mouton.

¹²⁰ Kounye a, si ou jis ap fè bon bagay, epi ou panse ou ka antre, avèk sa, kifè pa t ap gen bezwen yon jou sou Kalvè a. Lalwa te pouvwa sa. Men, poutèt sa te pran yon jou sou Kalvè a, se te pou intwodwi sa, pou ke nou pa t jis manm legliz, men pitit gason ak pitit fi Bondye. Se sa jou sou Kalvè a te ye. Se sa li te vle di pou ou, pou ke ou te fè, epi swiv, epi aji tankou Jezi.

¹²¹ Kounye a, rivyè a pap koule monte epi desann, nan menm tan an. Rivyè a jis ap koule nan yon sèl direksyon. E Lespri Bondye jis ap koule nan yon sèl direksyon. Li pa melanje bagay avèk Li. L ap koule nan menm direksyon.

¹²² Gade Jezi, pandan n ap tèmene. Jezi di: “Zèb ke Mwen fè yo nou va fè yo tou, e nou va fè pi gran ke sa, paske Mwen pral kote Papa M.”

¹²³ Mwen pap di sa si tèlman pou legliz isi a. Nou konprann. Men Mesaj sa yo sou kasèt. Plizyè dizèn de milye tande yo, atravè lemonn.

¹²⁴ Mwen pral reponn kesyon sa a pou kritikè a, kounye a menm. Yo di m souvan . . . rakonte. Yo di: “Franchman, ou kwè Bib la? Jezi di: ‘Zèb sa yo ke Mwen fè yo nou va fè yo tou, e nou va fè pi gran ke sa, paske Mwen pral kote Papa M.’”

125 Jout ki pwen ou ka vin move, mesye? Jout ki distans ou ka elwaye w de disènan, ak teyoloji entelektiyèl ou yo, ak konsepsyon mantal ou an sou nenpòt bagay? Chè zanmi m e ki pèdi, ou pa ka konprann ke Bib sa a entèprete espiritiyèlman?

126 Jezi te remèsye Papa a paske Li te kache Sa a sila ki edike a, e malen an, e saj la, e pridan an, epi Li te revele Li a ti piti yo ki ta vle vini sou Kalvè a.

127 Kounye a gade. Jezi di. Gade jan Li deklare l. “Zèw ke Mwen fè yo,” L ap fè yo kounye a menm. “Zèw yo ke M ap fè kounye a, geri malad yo, resisite mò, louvri je avèg yo, zèw sa yo nou va fè yo tou. Nou va fè sa yo si nou kwè nan Mwen. Nou va fè zèw sa yo. Epi nou va fè pi gran ke sa, paske Mwen pral kote Papa M.”

128 “Talè konsa, e lemonn pap wè M ankò, poutan nou va wè M. M ap avèk nou, menm nan nou, jout lafendimonn. Mwen pap kite nou san konsolasyon. M va priye Papa a; Li va voye pou nou yon lòt Konsolatè, ki se Sentepri a, ke lemonn pa ka resevwa; poutan, nou ka resevwa Li.”

129 Kounye a remake. “Pi gran” zèw yo, se te pou gen Pwisans nan Legliz, non sèlman pou geri malad yo pa lapriyè, chase dyab yo pa lapriyè, men pou bay Lavi Etènèl a kwayan yo. Sentepri a t ap vini, epi mete nan men Legliz, pou bay Lavi. O! Se sa Kalvè a te vle di. Li te pran nonm ak fanm ki te bese, degrade, epi li te leve yo nan yon plas, pou yo vin pitit gason ak pitit fi Bondye, pou geri malad yo e pou bay Lavi Etènèl; nan bay Sentepri a a kwayan obeyisan yo, nonm yo ki te enkwayan yon fwa, te vin kwayan, epi yo te bay Lavi espiritiyèl Etènèl.

130 Konbyen sa pi gran, pou di . . . Fanm malad sa a ki kouche isit la, mwen ka fè yon priyè lafwa e li va geri. Sa se yon gran bagay. Se sa Li t ap fè lè sa a. “Men,” li di, “nou va fè pi gran ke sa. Mwen pral ba nou Pwisans, non sèlman pou resisite l pou yon moman, men pou ba li Lavi Etènèl, ki va Etènèl, pou toujou.”

131 Moun mizerab, pòv, avèg, kouman nou fè rate sa? Nou pa ka wè ki sa “pi gran” bagay la ye? Se sa ki pi gran bagay la ki te ka janm rive, se te bay Lavi Etènèl a moun yo. Ki sa Lavi Etènèl ye? Lavi ke Li te viv la, Lavi ki te nan Li a, bay lòt yo Sa. Èske yon nonm ka fè sa? Yon pitit Bondye kapab.

132 Jezi di: “Sila yo n a padonnen peche yo, y a resevwa padon; sila yo n a kenbe peche yo, peche yo va kenbe.”

133 Kounye a men kote legliz Katolik ak anpil lòt te fè gwo erè yo a. Yo soti epi yo di: “Mwen padonnen peche w yo.” Se pa t sa.

134 Kouman yo te konn padonnen peche, nan Bib la? Pyè te reponn kesyon sa a, nan Jou Pannkot la. Yo di: “Ki sa nou ka fè pou nou sove? Kouman nou ka genyen Sa ke nou tout genyen an?” Li te blayi preskripsyon an. Li te di yo sa pou yo fè.

135 Li di: “Repanti, chak nan nou, vè Bondye, epi batize nan Non Jezikri.” Poutèt ki sa? Padon peche nou yo. Men “pi gran” zèw yo.

¹³⁶ Konbyen, nou predikatè yo maten an, konbyen, nou k ap koute Pawòl mwen sou bann mayetik, vle ale sou Kalvè a maten an? Epi gade ki sa Bondye te fè la a pou nou. Epi abandone kredo denominasyonèl nou yo, epi preche Levanjil. Alelouya! Li nan men nou kounye a. Ki sa nou pral fè avèk Li?

¹³⁷ “Paske larepantans ak padon peche dwe preche nan Non Li, nan lemonn antye, kòmnanse pa Jerizalèm.” Alelouya! Glwa! Men li.

¹³⁸ Ki sa Kalvè a vle di pou ou? Ki sa jou sa a te fè pou ou? Èske li te boure w, ak kèk teyoloji? Èske li te fè kolèt ou monte? Oswa èske li te fè de ou yon Kreyen, ki livre l nè? Alelouya!

¹³⁹ Peche, padonnen! “Nou va fè pi gran zèv ke sa.” Nou wè kiyès “nou yo” ye, pa vre? “Pi gran zèv ke sa,” padonnen peche yo, nan Non Jezikri.

¹⁴⁰ Men atravè kredo ak denominasyon yo, e latriye, li mare w yon kote, ou toujou ap sèvi lemonn. Di m ki nonm, di m ki fanm, ka vin sou Kalvè a epi eseye vin yon gwo moun paske yon moun te di yon bagay. Di m ki kote ou ka gade Kalvè a an fas, nan vrè limyè li, jou sa a sou Kalvè a. Kouman ou ka gen jou w sou Kalvè a, epi pou w soti ak kolèt ou monte? Kouman ou ka vin yon maryonèt pou kèk òganizasyon, epi preche kèk doktrin ki fèt ak men moun? Poukisa li pa imilye w devan Pawòl Bondye a? Si jamè ou ta ale la a, w ap vin enb. Kouman w vle vin yon gwo bagay nan òganizasyon w lan, ak yon plim nan chapo w, alòske Jezikri Pitit Bondye a te imilye tèt Li ak yon kò rache, yon figi ranpli ak krache, jouk nan wont ak dezonè? E yo te retire rad Li sou Li, e yo te krisifye Li, devan lemonn. “Meprize wont la.” Kouman ou ka ale sou Kalvè a epi vini nenpòt bagay diferan de sa Li te ye, yon dezonè, yon wont?

“O,” ou di, “y ap choute m deyò.” Kite yo choute.

¹⁴¹ Genyen jou pa w sou Kalvè a, Bondye va fè volonte L avèk ou. Kite m site sa ankò. Genyen jou pa w sou Kalvè a, Bondye va fè volonte L avèk ou.

Annou lapriyè.

¹⁴² Seyè, O Bondye, mennen nou tout sou Kalvè a kounye a menm. Pèmèt nou debarase nou de noumenm, Seyè, de krent lèzòm, de krent de ki sa yon lòt moun pral di. Franchman, lemonn antye te pase Li nan rizib, yo te moke yo de Li. Men Li te obeyisan, jouk nan lanmò. Li te obeyisan, jouk nan dezonè. Li te obeyisan, menm anba gouvènman federal la.

¹⁴³ E nou reyalize ke lè Satan te frape tè sa a, li te vin chèf ak otorite sou tè sa a. Li te temwaye menm devan Seyè nou an, e li te di: “Wayòm sa yo se pou mwen. Mwen fè sa mwen vle avèk yo.” E nou reyalize sa, depi jou sa a jouk jodi a, mond sa a, sou malediksyon, li te dirije pa moun ki te modi l la.

Men, Bondye, O Bondye, n ap sèvi yon Wayòm ki pa modi.

144 Papa, Bondye, ala sa mèveye, ke Ou fè kèk gran bagay nan—nan domèn sinema jodi a. Ou pèmèt gran fim sa yo, tankou *Dis Kòmandman*, e latriye, soti, pou pèmèt gason ak fanm yo wè, ki pa t ap menm pase nan yon pòt legliz, men pèmèt yo wè ki sa li ye. Chimen Bondye se yon chimen ki rejete, pa lemonn. Paske nou tankou. . . N a pral nan Larisi anba kominis.

145 Nou nan mond sa a, men nou pa moun mond sa a. Nou te ale sou Kalvè a. Nou te krisifye tèt nou, pou Wayòm Bondye a, pou nou ka youn nan pa L yo. Kèlkeswa sa lemonn di, n ap pran chimen an ak ti pa Seyè a ki meprize yo. N ap avanse vè rezirèksyon an, e nou kwè ke se pou byento, Seyè, jouk lè nou va resisite nan yon Wayòm ki va domine mond sa a. Jan Danyèl te wè l davans, e li te kraze lemonn, an ti pay, epi van an te souffle l sou glasi a nan sezon lete. Men, montay la, Wòch la te grosi pou vin yon gran montay ki kouvri latè. Wòch sa a pral vini. O Bondye, nou vle yon pati de sa. Pèmèt nou renonse a noumenm, pran kwa nou chak jou, viv pou Kris, viv pou lòt yo. Akòde li, Seyè.

146 Genyen kèk isi a maten an, e ki pa konnen Li kòm Sovè, e ki ta renmen yo sonje yo nan priyè final la, e ki ta renmen sa vin jou pa w la sou Kalvè a, èske w ta vle leve men ou, epi di: “Priye pou mwen, Frè Branham. Mwen vle konnen Li kòm Sovè mwen.” Bondye beni w, jèn jan. Yon lòt moun? Bondye beni w, frè m lan dèyè a la.

147 Èske pa ta gen yon lòt moun? Di: “Mwen vle konnen Li. Mwen vle sa vin yon jou sou Kalvè a, pou mwen. Mwen malad epi mwen fatigue. Ki sa sa itil pou m ap jwe isit la avèk bagay menm ke mwen te ne pou m fè a? Mwen ne, ne pou m yon pitit Bondye, e men m ap kenbe bagay mond lan. Bondye, kite m krisifye jodi a. Kite m krisifye, jodi a, tèt mwen ak lidem yo, pou ke mwen ka viv avèk Kris, epi viv pou lòt yo. Kèlkeswa sa yo fè m, moke mwen, epi pèsekite m, epi di tout move bagay kont mwen, ak bagay, pèmèt mwen jis al fè wout mwen ak imilite, epi douse, tankou nan ayo, jan Li te fè. Epi yon jou, Li te pwomèt pou resisite mwen, nan dènye Jou a. M ap tann Jou sa a.” Èske ta genyen kèk men ankò ki leve? Bondye beni w dèyè a la, ak oumenm. Trè byen. Kèk ankò jis. . . Bondye beni w. Bondye beni w. Kèk ankò, sa avan nou priye.

148 Papa nou ki nan Syèl la, li te di, lè Pyè te preche nan Jou Pannkot la: “Tout sa yo ki te kwè te ajoute nan Legliz.” Yo te vrèman kwè ak tout kè yo. Moun sa yo ki fèk leve men yo, mwen kwè ke yo kwè ak tout kè yo. E si yo kwè, gen yon pisin ak dlo k ap tann isi a. Yo vle peche sa yo padonnen. Gen yon moun isi a ki ka batize yo nan Non sa a, e sèl Non an ki genyen anba Syèl la ki te bay nan mitan lèzòm, pou ke nou dwe sove.

149 Paske, kòm mwen te site Lekriti kèk moman de sa, ke, “Larepentans ak padon peche dwe preche nan Non Li, nan lemonn antye, kòmanse pa Jerizalèm.” E nan Jerizalèm, lè

larepantans ak padon peche te preche, apot la te pale yo sou Lèzekriti, e te di yo dwe “repanti, an premye, epi batize nan Non Jezikri.” Se te zafè pa predikatè a pou l fè. Se pou yo repanti, epi li pou l batize yo pou padon peche yo. “Sila yo n a padonnen peche yo, y a resevwa padon; sila yo n a kenbe peche yo, peche yo va kenbe.”

¹⁵⁰ Papa, kouman lemonn te fè janm tonbe nan yon kriz kolè tankou sa yo genyen an? Poukisa yo pa kwè Levanjil senp la? E yo menm mennen, pou sa, pou ranplase: fo non, fo batèm, fo batèm Sentespri, sere men avèk minis yo, itilize tit Pè, Fis, Sentespri, ki pa janm nan Lèzekriti; yon dokiman ki fèt pa mesye Women yo, se pa yon ansèyman Kreyen ki okenn kote nan Bib la. Padon peche pa ka padonnen nan tit, men nan Non Jezikri.

¹⁵¹ Kounye a, Papa, nou konnen sa pa vrèman popilè. Chimen W yo te toujou konsa. Men pèmèt ke gason yo ak fanm yo, maten an, vini nan jou sa a, jou sa a sou Kalvè a. Kote, Jezi, meprize jou sa a, wont sa a, pou yo dezabiye L, rache L an moso, krache sou Li, epi moke Li; pa lemonn antye, pa legliz, pa moun ki ta dwe renmen L. E, poutan, nan tout sa, Li pa t louvri bouch Li, e Li te ale epi Li te mouri pou moun sa yo ki t ap moke Li.

¹⁵² Bondye, mennen nou sou Kalvè maten an. E si yo di nou fou, yo di nou mal konprann Lèzekriti, kèlkeswa sa yo vle di a, Bondye, yo pa ka kanpe nan Prezans Bondye epi di sa fo.

Yo pa ka kouvri peche yo pa Bib la. Bib la dekouvri peche yo: enkredilite yo; parèt popilè; fè tankou rèss foul la. Pèmèt yo vin sou Kalvè a maten an.

¹⁵³ “E kòmanse nan Jerizalèm; ke larepantans ak padon peche yo dwe preche nan Non Li a tout nasyon, kòmanse nan Jerizalèm.”

Pèmèt yo pran menm pa krisifye sa a pou yo rache yo; epi krache sou yo; epi moke yo; epi rele yo tout bagay yo ka rele yo ki nan liy renege relijye; destriktè legliz; tout sa yo vle rele.

Ke nou, Seyè, maten an, pran chimen nou ak ti gwoup meprize Seyè a. Ke nou kapab mache tankou apot yo, pou nou pa tounen ni a dwat ni a gòch, epi sèvi Bondye avèk yon bon kè. Akòde li, Papa.

¹⁵⁴ Kounye a, geri malad yo ak aflije yo k ap vini nan liy priyè a. Ke sa yo ki leve men yo, nan kè yo, repanti, kounye a menm. Ke sa yo ki te kanpe deyè a tèlman lontan, avanse vit nan dlo a epi jwenn padon peche yo nan Non Sakrifis la, Jezikri, Pitit Bondye a. Amèn!

Anba a sou kwa a kote Sovè m lan te mouri,
Anba a la pou pirifye peche m mwen te kriye;
La a sou kè mwen San an te aplike;
Glwa pou Li. . .

Glwa pou Non Li!
 O, glwa pou Non Li!
 O, la a sou kè mwen San an te aplike;
 Glwa pou Non Li!

Se tèlman yon mèvèy mwen sove anba peche,
 (Kouman?)

Se tèlman dous Jezi abite anndan m,
 La a sou kwa a kote Li. . . (Ke ou vin youn nan
 pa Li yo.) anndan;
 O, glwa pou Non Li!

Glwa pou Non Li!
 Glwa pou Non Li! (Presye Non.)
 O, la a. . . kè San an te aplike;
 Glwa pou Li. . .

155 Èske sa pa jis fè yon bagay sou ou? Sa jis eklere w. Sa mete yon espwa nan ou: Lavi, Lavi Etènèl.

156 Ki sa sa ye “krisifye avèk Kris”? Se viv pou lòt yo. Ki kalite lòt? Sa yo ki rayi ou, sa yo ki pa ta vle renmen w, sa yo ki ta vle moke w: viv pou yo; rete avèk yo; renmen yo; “priye pou sa yo ki sèvi avèk ou avèk mepri, ki di tout kalite move bagay fosman, akoz Non Mwen. Yo te pèsekite pwofèt yo ki te anvan nou.”

157 Mwen panse mesaj la ta petèt ede legliz la maten an, ke nou ta wè ke nou bezwen yon Kalvè, nou bezwen yon krisifiksyon.

158 Kounye a ki sa tout sa fè? Tout sa te peye. Sè ki nan chèz woulant lan, pou moun isi a ki malad e aflije: Tout sa te peye; sèl bagay ou gen pou w fè se kwè ke se pou ou; aksepte l menm fason an, e ou va geri.

159 Sonje: Kounye a ki sa sa ye? Ou ta ka ale nan lemonn, preche Levanjil, geri malad yo; epi bay Lavi Etènèl.

Konbyen sa ta pi gran: de, men yon nonm ki kouche isi a avèk—avèk yon timè, kansè, kèlkeswa sa li ye. (Nou wè Li tèlman anpil fwa k ap bay benediksyon Li epi geri lòm, geri lafam; plizyè dizèn de milye de fwa de milye de ka enfayib alantou mond lan, ou wè, retire yo sou kad yo, branka yo; jis lonbraj moun kansè fin manje; jodi a, byen, moun ki an sante.) “Zèv sa yo ke Mwen fè yo nou va fè yo tou; men nou va fè pi gran ke sa”: “pi plis ke sa,” se kòrèk.

Ki sa? Mwen ba yo pwolongasyon lavi, nan Non Jezi, pou pwolonje lavi yo pou kèk jou.

Men, “Nou va fè pi plis ke sa: nou va ba yo Lavi Etènèl nan Non Mwen.” Fiou!

160 Poukisa ou ta wont Non presye sa a? Poukisa moun ta evite l epi elwaye de li? Se dyab la. Sètènman.

161 “Repantans ak padon peche dwe preche nan Non Li nan lemonn antye, kòmanse nan Jerizalèm.” Men kote Mesaj la te ale

an premye. Èske se vre? “Repantans ak padon peche ap preche nan Non Li, kòmanse nan Jerizalèm.”

¹⁶² Kounye a, an premye, n ap fè jan Li te fè: fè lapriyè pou geri malad yo.

¹⁶³ Apre sa, nou va genyen gran don an: Dlo a prè, dèyè a isi a, pou nenpòt ki vle batize (genyen rad isi a pou fanm yo, rad isi a pou gason yo), ki kanpe prè pou nou pou nou genyen peche nou padonnen; paske sonje, ke nou ka sèlman gen peche nou padonnen selon ansèyman Bib la. “Paske pa gen yon lòt Non anba Syèl la ki te bay pami lèzòm, pa ki nou dwe sove.”

¹⁶⁴ Pòl te rankontre kèk ki te deja batize. E yo t ap rele, yo te gen viktwa. Li di yo: “De ki batèm nou te batize?”

Yo di: “Batèm Jan an.”

Li di: “Jan te batize pou larepentans.” Kounye a, sezi sa: pou larepentans, pa pou padon peche. Konbyen ki konprann sa? Pa pou padon peche. Yo te batize dakò, pou larepentans. Yo te repanti: “Wi, mesye, mwen repanti. Mwen, kwè L ap vini.” Yo te batize *pou larepentans*; sètadi, “kwè nan Seyè Jezikri.”

¹⁶⁵ Kifè lè yo te tande *sa* (ke Sakrifis la déjà vini), yo te rebatize ankò, nan Non Jezikri. Epi, li te ba yo, lè li te fin poze men sou yo, Sentespri a; epi yo te pale an lang e yo te pwofetize.

¹⁶⁶ Bon, kouman ou pral chanje Lekriti sa a? Mete dwèt ou sou yon sèl plas nan Bib la kote nenpòt moun te janm resevwa padon peche yo, nan Nouvo Testaman, epi yo te janm batize nan nenpòt lòt fason ke nan Non Jezikri.

¹⁶⁷ Montre m yon plas nan Bib la kote nenpòt moun te janm batize nan Non Pè, Fis, Sentespri. Oswa pote sou biwo m lan, yon istwa, yon istwa legliz ki montre kote nenpòt moun te janm batize nan Non Pè, Fis, ak Sentespri, jouk twasan ane ak kèk bagay apre lanmò dènye apot la, lè legliz Katolik te òganize.

¹⁶⁸ Kounye a, mwen genyen *Pè Prenise* yo, e . . . tout istòryen yo, ak tout bagay, drèt nan etid mwen: istwa sakre, ki pi ansyen nan lemonn; sèl prèv enfayib yo ke nou genyen.

¹⁶⁹ Li *Vizitè Dimanch Nou An*, oswa katechis legliz Katolik la, epi gade yo, ki sa yo di: “Kèk nan Pwotestan yo va petèt sove, paske yo koube reyèlman devan doktrin Katolik la: Paske Bib yo a di, ‘batize nan Non Jezikri,’ men nou te retire solanite ‘Non Jezi a,’ e nou te mete li sou ‘Pè, Fis, Sentespri,’ e yo admèt li.”

Kounye a, montre m yon Lekriti ki kontrè a sa.

¹⁷⁰ E men li. E poutan, lemonn koube drèt devan l. Poukisa? Yo pa janm ale sou Kalvè a. Se sa. Yo pa janm wè.

¹⁷¹ Yo va moke w epi rele w . . . yo va menm rele w, “Egzalte,” “Jezi sèl,” ak tout non fanatik sa yo ke yo kapab. Ki diferans sa fè ak sa yo rele w? Ki sa yo te . . . Li te okipe de sa yo te rele L? Li te krisifye. Li te viv pou Bondye, e Bondye sèl. E si menm Lespri

sa a, te nan Li, nan ou, Li va fè w fè menm bagay la: pote Non Li. “Kèlkeswa sa ou fè” (Bib la di) “an pawòl oswa an zèv, fè tout sa nan Non Jezi, antan w ap bay Bondye lwanj.”

¹⁷² Kote w jwenn doktrin payen trinitè sa a? Nan yon katechis, pa nan Bib la. Mo “trinite” a pa menm mansyone nan tout Lèzekriti depi Jenèz jouk nan Revelasyon. Pa gen yon tèl bagay. Pa gen yon tèl bagay tankou yon dye trinitaryen. Li se Bondye, Bondye sèl, yon sèl Bondye. Li te toujou yon sèl Bondye. Li okipe twa fonksyon: Li te okipe yon fwa fonksyon kòm Papa a, sou Moyiz. Li te okipe yon fwa fonksyon nan lachè, kòm Pitit, Jezi. L ap okipe fonksyon kounye a kòm Sentespri a. Men se yon sèl Bondye. Yon sèl Bondye, pa avèk twa non. Twa fonksyon, twa tit nan yon sèl Non: Jezikri.

¹⁷³ Nenpòt bagay ki diferan se payen; e mwen mande pou yon moun montre sa, si se pa vre. Se vre. Mwen di sa depi plizyè ane apre ane, e pèsòn poko pran l, ankò (Ou wè?), paske sa pa ka fèt. Mwen gen . . . men Bib la, an premye; epi men istwa ansyen yo pou pwouve ke se egzakteman vre. E poukisa dyab la jis . . . ? Mwen . . . Ebyen, Bib la di yo t ap konsa: “Kouman yo ka vini, si M pa atire yo?” Se jis tout sa mwen konnen sou sa. Se sa Jezi di, alò . . .

¹⁷⁴ Mwen pap di sa pou . . . Si mwen di sa, epi mwen preche yon sèmon konsa, mwen t ap ipokrit ki pi ba a nan mitan nou. Se vre. Mwen di sa paske Se Laverite e Se Lavi. Otan ki batize nan Kris, abiye yo ak Kris. Yo gen Lavi, nan Non Li.

¹⁷⁵ Nou priye nan Non Li, chache nan Non Li, preche nan Non Li, batize nan Non Li, viv nan Non Li, mouri nan Non Li, ale nan Syèl nan Non Li, resisite nan Non Li. “Tout fanmi nan Syèl la rele Jezi.” Bib la di konsa: “Tout fanmi sou tè a rele Jezi.” Li di: “Mwen vini nan . . .”

Ou di: “Ebyen, se Non Papa a.”

Papa se pa yon non, se yon tit. Li di: “Mwen vini nan Non Papa M, e nou pa resevwa M.” Kounye a, nan ki Non Li te vini? En-en. Sètènman: “. . . epi nou pa resevwa M.”

¹⁷⁶ Alò men li; se jis, wi, sa kache devan je saj yo ak entelijan yo. Sètènman, sa se sèten, en-en.

¹⁷⁷ Epi ankò nan Revelasyon, kòm nou te anseye lòt jou: men ansyen legliz pwostitye a, ki se premye òganizasyon; epi li gen yon bann pitit fi ki te ne de li. Yo fè menm bagay la, menm abitud la. Li vlope nèt nan Babilòn, menm jan an, avèk yon . . . avèk legliz Wòm lan e yon konfederasyon legliz nasyon yo; epi men li, vlope nèt, tout nan menm bagay la, menm bato a.

¹⁷⁸ Men Legliz Bondye (Alelouya!), se yon Legliz ki rele pou soti deyò, separe. Kouman Legliz bati? Kouman w ap konnen sa? Kouman w ap janm ka konnen sa se Laverite? Lè Bondye revele w li. Kouman—kouman Abèl te konnen se te yon ayo olye de pòm?

Li te revele a limenm: “Pa lafwa Abèl te ofri Bondye yon sakrifis pi ekselan.”

¹⁷⁹ Antan L ap desann Montay Transfigirasyon an, Jezi di: “Kiyès moun yo di Mwen ye?”

Kèk di: “Eli,” “Moyiz,” e latriye.

Li di: “Men M ap mande nou: ‘Kiyès nou di Mwen ye?’”

Pyè di: “Ou se Kris, Pitit Bondye vivan an.”

¹⁸⁰ Li di: “Nou pa t janm aprann sa . . .” Nan yon lòt sans (m ap di sa, pa pou mwen parèt gran, men pou anfonse yon pwen): “Nou pa t janm aprann sa nan kèk semèn; kèk moun pa t janm anseye nou sa; men Papa Mwen, ki nan Syèl la, revele nou sa: ke MWEN SE (pa Pè, Fis, ak Sentespri, men, Mwen se Jezikri). E sou wòch sa a (Ki wòch? Menm sila a Abèl te ale a; sou menm wòch sa a.), sou wòch sa a, Laverite espirityèl Bondye a revele, M ap bati Legliz Mwen, epi pòt lanfè pap janm ka domine sou li.” Se vre. Yo eseye l, men yo pap janm domine. Ou wè?

¹⁸¹ Alò jis ale sou Kalvè a, se pou ou krisifye, retounen, epi pran chimen w avèk ti gwoup meprize Seyè a, avanse.

¹⁸² Kounye a, Seyè, n ap remèt tout bagay ba Ou. Mwen pa konnen, nan ti gwoup sa a, ki sa ki isi a. Mwen pa gen okenn lide ke m konnen, Seyè, sof si Ou ta revele l. E kounye a, Papa Bondye, mwen pap mande w pou Ou fè sa. Mwen kite sa nan men moun yo. Men yo. Ke sa ka yon reyèl Kalvè maten an; ke sa ka yon reyèl krisifiksyon de volonte pèsònèl, ak dezi pèsònèl, ak tout gwo bagay nan lavi.

¹⁸³ Ke lèzòm vin enb, e ke yo vle pran chimen an ak ti gwoup meprize Seyè a. Ke yo mache nan imilite. Ke yo ne nan Wayòm sa a, gran Wayòm Bondye sa a, ki se yon kò espitityèl, kò selès Kris la sou latè: “Pa yon sèl Lespri nou tout batize nan yon sèl kò.”

¹⁸⁴ Akòde li, Seyè. Menm si yo se nwa, blan, jòn, mawon, kèlkeswa sa yo ye, gason oswa fi, esklav oswa lib: nou tout te fèt pou nou bwè nan menm Lespri a.

¹⁸⁵ Akòde li, Papa, e ke li kapab avèk . . . nan mitan anpil, maten an, ke yo ka konprann; ke Ou louvri konpreyansyon yo. Kifè, sa va tankou yon nouvo jou pou yo: solèy la va klere, limyè sonm teyoloji men lòm fè yo va disparèt, epi Limyè Bondye va klere sou chimen yo, e li va kraze vwal ki vwale bèl Limyè sa a. E yo ka mache sou gran wout sentete a, ki fè, viv pou lòt yo, tankou Kris te fè.

¹⁸⁶ Kounye a kòm n ap entwodi liy lapriyè a, mwen priye ke Ou wenn sèvitè W yo maten an, nou tout, kòm n ap priye, youn pou lòt. E akòde, jodi a, ke tout moun malad ki vini nan liy lapriyè a kapab geri. Ke yo retounen, tankou ti fi je kwaze yo, e ti gason an, e . . . e madanm aje sa a, e—e Frè Wright, epi anpil pami sa yo ki te vini, Seyè, avèk afliksyon epi maladi ak kèk bagay ke doktè

yo pa ta ka geri; e men yo isi a jodi a (jis gen yon semèn de sa), e men yo isi a, ebyen, jodi a.

¹⁸⁷ Bondye, ke gason ak fanm yo pase avèk menm lafwa sa a, antan yo konnen yo pral sou Kalvè a pou yo krisifye a pansé yo epi lide yo ke yo “pase gerizon.” Ke pwisans ki te resisite Jezi nan tonbo a ba yo lavi, gran vi lafwa.

¹⁸⁸ Epi, imedyatman apre sa, ke anpil vin nan pisin lan pou batèm. Nou mande, nan Non Jezi. Amèn.

¹⁸⁹ Kounye a, nou jis genyen ven minit pou nou kondwi liy lapriyè a ak sèvis batèm lan. Kounye a nou pa genyen kat lapriyè. Nou aprann de sa, e n ap eseye travay sa nan gran reyinyon m yo nenpòt lè nou kòmanse. Mwen di nou tout, nou te prezante sa, nou genyen li sou kasèt, e nenpòt kote m ale, kasèt sa yo va voye davans.

¹⁹⁰ Siy lan endike sèlman benediksyon an. Lide a se te: “Si ou priye pou malad yo, mennen moun yo a kwè nan ou.”

Mwen di: “Yo pap vle kwè m.”

Li di: “Yo va ba ou siy sa yo, e avèk sa yo va kwè.” Siy yo ap bouje sou bouje, depi dizan alantou lemonn, san echwe yon sèl fwa. Pa gen okenn echèk, ditou, nan sa. Konbyen ki konnen sa se vre?

¹⁹¹ Ebyen, si ou ka kwè siy lan, alò kwè Mesaj la. Se vre. Sa montre li. E èske Bondye ta mete yon Mesaj nan mwen (Epi kite l tèlman pafè konsa, men ki sa . . .) epi mwen ta di w kèk bagay ta fo? Bondye pa t ap kite m fè sa. Non, non. Non, mesye. M ap di ou Laverite.

¹⁹² Kounye a, tout sa yo ki vle yo priye pou yo, jan de, nan ranje isi a, vin sou bò sa a, si ou vle, bò la a, aliye a dwat. Epi sa va pèmèt moun yo vini pandan n ap priye. Alò nou va pèmèt gason yo—yo, plasè yo avèk yo va siveye; e pandan y ap vini isi a, alò sou bò sa a, nou va mennen yo pa dèyè, epi mennen yo nan li. Pou yo priye pou tout moun.

¹⁹³ [Yon moun pale ak Frè Branham—Editè a.] O, non, non, m pat fè l. Ebyen, nenpòt lè ou vle. Pa gen pwoblèm. Ou ka mennen l, oswa ou . . . mwen ka . . . mennen l kounye a la a, oswa yon ti kras apre, nenpòt lè li vle, pa gen pwoblèm.

¹⁹⁴ Kounye a, ann jis rete trankil jan nou kapab, pou kèk pwochen minit yo. Mwen vle nou tout ap pansé kounye a: Bon, ki sa—ki sa Bib la te di? “Priyè lafwa a va sove malad la.” Konbyen ki konnen sa se vre? Konbyen ki konnen Bib la di: “Siy sa yo va swiv sa yo ki kwè. Zèv yo ke Mwen fè yo nou va fè yo tou”? E ki sa zèv yo te ye? Li di: “Mwen kapab si nou kwè mwen kapab fè sa.” Èske sa se vre?

Ki sa ki te kesyon mwen an? “Yo pap kwè mwen.”

Li di: “Siy sa yo va lakòz ke yo kwè.”

¹⁹⁵ Kounye a, si nou kwè, mete nou prè: Sa se lè delivrans pa nou. Jis menm jan li ta ye pou peche, se menm pwomès la de menm Bondye a.

¹⁹⁶ Kounye a, nou gen yon ti madanm malad isi a, ki gen pwoblèm nan lestomak, ki soti nan New Albany. Nou pral priye pou li, an premye, alò li ka pran pou li—pran pou li yon chèz. Kounye a, trankilman, e tout moun, kounye a. Mwen vle frè yo ede m, isi a. E ann koube tèt nou yon moman, kounye a, pou lapriyè.

¹⁹⁷ Kounye a, Papa nou ki nan Syèl la, sa se te Pawòl Ou. Mwen pa responsab pou aksyon ki pral poze sou li, men mwen responsab pou preche li. E antan m konnen sa (e antan mwen konnen mwen se yon nonm aj mwayen kounye a, e yon jou mwen dwe fè fas a Ou): Mwen preche Laverite ak kè m. Ou konnen sa. Se pa pou fè prejije, si se te konsa, Seyè, alò mwen bezwen larepantans.

¹⁹⁸ E Papa, mwen priye ke Ou va sekouri, kounye a, pandan ke nou pral priye pou malad yo, ke priyè m yo egzose, pa sèlman priyè pa m, Seyè, men priyè legliz sa a, pandan ke pòv moun sa yo. . . E si se te madanm mwen ki te kanpe isi a? E si se te li, ki te chita nan chèz woulant lan? Oswa sè m? Manman m? O, Bondye, geri pèp sa a. Èske W ap fè l, Seyè?

¹⁹⁹ Gade, ki kanpe nan liy lapriyè a: pwoblèm kè, kansè, timè, tout kalite maladi ak afliksyon. Anpil nan yo ap vini (plizyè santèn ap delivre, isi a menm, Seyè), e yo w è l, e yo kwè l, epi y ap vini nan liy lapriyè a pou aksepte pa yo. Y ap vini vè yon Woche vivan kounye a, pa sèvitè W la, men vè Pitit Ou a, Jezi, Ki se Kondiktè Legliz, Pèsonaj espiritiyèl, mistik nan mitan nou. E pandan nou prale, ofri Non Li (Ou di: “Nan Non Mwen yo va chase dyab yo.”), mwen priye ke Ou reponn priyè nou, nan Non Jezi. Amèn.

²⁰⁰ Kounye a, ke tout moun nan lapriyè. Kounye a, sa se pati pa w la, tou. Sa se priyè pa w.

Kounye a ti madanm sa a dwe mouri, si yon Bagay pa sekouri li.

²⁰¹ Konbyen ki konnen Frè Stadskev? Frè ak Sè Stadskev? Yo te rele m apati de Almay twa fwa lòt jou swa; bebe yo te mouri. Yo te mande: “Frè Branham, nou wè ou, pa Lespri Bondye, resisite mò,” (Yo te kanpe prezan e yo te wè l. Ou wè?) “e nou konnen ke ou se yon pwofèt Seyè a. Jis pwononse Pawòl la.”

Mwen di: “Mwen pa ka di li, sof si sa mete nan bouch mwen.”

“Vini an Almay.” Mwen leve byen vit. E yo te telephone: “Nou gen yon avyon jet ki ka mennen w an Almay nan sizè.” Yon jet militè ki ta mennen m an Almay pou resisite yon bebe ki mouri. Yon jet militè ki ta mennen m laba a nan sizè, depi Louisville jouk München, an Almay.

202 Mwen te ale anndan an la a, epi m te desann sou jenou m, epi mwen di: “Papa, ki sa pou mwen di? Pale nan bouch mwen.” Li pa t reponn mwen. Mwen te soti al nan bwa yo, mwen di: “Papa, ki sa pou m di? Mete mo yo nan bouch mwen. Mwen prale pou gremesi, si non.” Mwen te retounen, Li pa t reponn mwen. Mwen te antre. Diran tout nwit la mwen te priye: “Seyè, mete mo yo nan bouch mwen.” Anyen pa t reponn.

203 Nan demen maten madanm mwen te leve. Osito ke li te pati, Pawòl la (mwen te kanpe), Li di: “Piga w reprimande sa. Sa se men Seyè a.” En-en.

Alò byen vit m ale nan telefòn lan: “Mwen pa ka vini. Non, sa se men Seyè a. Mwen ta entèdi.” Ou wè ki pwisans ki gen nan reprimann sa a? Lè Bondye di: “Piga w fè sa, paske se men Seyè a.”

204 Kounye a, Moyiz, yon fwa, yo te di l pou l pa fè yon bagay, li te ale e li te fè l kanmenm. Nou sonje? Alò mwen—mwen pa t ale.

205 E mwen ka pote pou ou dokiman pou montre kat moun diferan, ke, doktè te pwononse lanmò yo, apre lapriyè ak reprimann sou lanmò. Ou wè? Nou kanpe la pou reprimande bagay sa a. E si Bondye ba ou pouvwa pou fè yon bagay, pito w ta fè atansyon a sa w ap fè. Ou wè? Pito w ta fè atan-. . . Li di: “Piga. . .”

206 Kounye a, sonje, sa ka pa gen tèlman gran enpòtans pou ou, men pou mwen, li vle di yon bagay. Ou wè?

“Piga ou reprimande sa.” Yon Vwa janti, vrèman dou (anviwon sizè, mwen kwè li te ye, sizè edmi maten sa a) di: “Piga ou reprimande sa. Sa se men Seyè a.”

Mwen di: “Mèsi, Papa. Mèsi, Seyè. M pap fè l.”

207 Si Li te di: “Reprimande sa. Se lènmi an ki glise antre.”

Mwen t ap di: “Ann ale.” E li t ap fèt.

208 Lè ti gason sa a laba a an Fenlann te blayi la a, mouri, kraze, pa menm gen yon bon zo nan kò l, Seyè a te di sa se te men Satan, Li di: “Reprimande li.”

209 E mwen di: “Lanmò, ou pa ka kenbe l. Mennen l tounen, lese l ale.” La a, li sote sou pye l, byen, pa menm gen yon zo kraze nan kò l. Sa se Pawòl Seyè a. Mwen pa ka itilize Pawòl Seyè a jouk Pawòl Seyè a vin jwenn mwen.

210 Men nan Lekriti, Pawòl Seyè a ban mwen komisyon pou m priye pou moun malad yo; Li ba ou komisyon pou priye pou yo. Kounye a, “lapriyè lafwa va sove malad la;” annou lapriyè, koube tèt nou; nou va wè ki sa Li di, kòm w ap travèse.

211 Ou se yon Kreyen, pa vre? Ou kwè ak tout kè w ke Jezi pral geri w? Ou gen yon ti pwoblèm lestomak; w ap soufri avè l depi anpil lane, sè. Kounye a, ou pral geri, si w va kwè.

212 Kounye a, Seyè Bondye, jèn madanm sa a dwe mouri sof si Ou sekouri l. Kounye a mwen priye, kòm m ap gade li, mwen pa wè okenn rezon pou li mouri.

E mwen santi nan lespri mwen, Seyè, ke se volonte pèmisiv Ou, kounye a, ke mwen reprimande sa: Satan, lese l ale!

Nan Non Jezikri, ke li kapab geri, vini nan legliz sa a, epi bay temwayaj pou glwa Bondye. Amèn.

213 Kounye a, osi senp ke sa ye, madam, ou pral geri. Èske ou kwè sa frè?

Èske ou kwè isi a la, ke ou pral geri? Ale kounye a, kòmanse manje sa ke ou . . . ou va alò, vin byen.

Kounye a, ou espere bay lemonn yon stwok, epi paralize l; li ba ou yon stwok, epi li paralize w. Kounye a, Bondye nan Syèl la ki retire stwok Li a sou lemonn pou bay padon peche, nan menm Non sa a, ka ba ou padon peche, retire stwok la sou ou, epi geri w.

Ou kwè ke Li ka fè kè sa a bat byen? Ou fè sa, ou va geri . . . ? . . .

214 Seyè Jezi, pòv madanm sa a dwe rete nan chèz sa a pou rès vi li epi, disparèt. Men n ap mande ke pwisans Satan sa a disparèt sou li. Ke li viv epi mache epi vin nòmal kòm li te toujou ye. Nou mande li nan Non Jezi. Amèn.

215 Ou kwè? Se yon travay ki tèmine, se fini. Ki pwoblèm? Avèk okenn krent, avèk okenn . . . Se pa t . . . ? Ou te geri de kansè yon fwa . . . ? . . . Detann ou, remèt Jezi tout bagay.

216 Seyè Jezi, mwen poze menm sou madanm sa a epi mwen reprimande maladi l la. Mwen konnen li se yon Kretyèn, ne de Lespri. Mwen retire l sou li, nan Non mèveye Non de Jezikri. Amèn.

217 Seyè Bondye, pou frè presye li a, mwen mande sali pou li nan Non Jezi. Kanpe sou sa. Amèn. Sa va fèt.

218 Èske w prè pou resevwa gerizon w, pitit gason? Oke, li pase nan men Li.

219 Seyè Jezi, sou jèn gason sa a, ki di, de Ou, li priye pou resevwa gerizon l. Kòm sèvitè Ou, mwen poze men sou li nan Non Jezikri . . . ? . . . Amèn.

Kounye a, jis nenpòt . . . ? . . . kounye a, jis rele Non Li. Kounye a, pa—pa a mwen . . . ? . . .

220 Papa Bondye, tankou yon sèl pitit ki te apiye yon fwa sou pwatrin manman an, li te karese li e—e li te priye avèk li e li te kenbe ti men li lè li te yon bebe k ap woukoule. Kounye a, Satan mete li nan yon lopital sikyatrik. Bondye, li vini nan Legliz sent Bondye vivan an, yon Legliz ki ne de Lespri Bondye a, yon Legliz Lespri Bondye ap viv ladann, epi Li revele tèt Li. E jodi a, pa

lapriyè, nou libere madanm sa a de lopital sa a. Nan Non Jezikri, nou priye. Amèn.

Al lakay ou, ou kòrèk.

Mèsi poutèt ou vini, fè rekèt pou manman ou; sa se yon vrè pitit gason.

²²¹ Sa se jou delivrans ou. Seyè Jezi, pou jèn madanm sa a, pou sali mari li ak delivrans gòj li, ke li kapab resevwa li nan Non Jezikri, Ki di “vini, kwè l kounye a,” e se yon pwodwi fini.

²²² Seyè, doktè yo deklare, Seyè, se nan kò li, li vin nan je li. Li vini pou li delivre, anwo sou lotèl sa a, kòm Legliz sent sa a ap priyè, mwen mande delivrans li nan Non Jezikri, plè sa a va kite kò li. Se yon travay acheve.

Pou pitit gason li a, mwen beni mouchwa sa a. Ke antandman an ak kondisyon kòrèk yo vini ankò nan zòrèy li . . . ? . . .

²²³ Kounye a Legliz la pale; kounye a Legliz se Kò mistik Kris la. Nou tout ap priye pou ou. Ou wè? Nou pa—nou pa pretann nou nan lemonn ankò. Nou pap pale osijè de ki kote nou prale. Nou te jwenn Chimen an. Nou te fèt nan Chimen sa a. Nou se Legliz Bondye Vivan an (yon pati de li); byen antandi, li epapiye toupatou nan lemonn. Men sa se yon gwoup nan yo. Jodi a, ansanm nou vini nan Non Li. Nou vini pou nou fè sa Li di, fè. Ki sa Li pa ka revele lè nou vini ansanm. Priye pou malad yo, poze men sou yo, “lapriyè lafwa va sove malad la.”

²²⁴ Ke pwoblèm kè w la kite w. Nan Non Jezikri, mwen obeyi komisyon an Bondye te ban mwen . . . ? . . .



JOU SA A SOU KALVÈ A CRE60-0925
(That Day On Calvary)

Mesaj sa-a ke Frè William Marrion Branham te preche premye fwa nan lang angle on dimanch maten 25 septanm 1960, nan Branham Tabernacle, Jeffersonville, Indiana, U.S.A., yo te prann a pati de yon anrejistreman kasèt mayetik ke yo te enprime konplètman an angle. Tradiksyon kreyol sa-a te enprime e distribye tou pa Voice of God Recordings.

HAITIAN CREOLE

©2020 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org